

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah Panalungtikan

Nulis nya éta mindahkeun pikiran atawa perasaan kana wangun lambang basa (Semi, 2003:8). Jadi nu dimaksud nulis téh nya éta ébréhan tina pikiran atawa perasaan atawa wawakil tina gembengan basa ku cara ngagambarkeun lambang-lambang grafik. Pangajaran nulis sarua pentingna jeung pangajaran ngaregepkeun, nyarita atawa maca. Pangajaran nulis karangan éksposisi mangrupa salasahiji kompetensi dasar nulis nu aya dina Standar Kompetensi Kompetensi Dasar (SKKD) pangajaran basa Sunda, ku kituna nulis karangan éksposisi perlu diajarkeun.

Masalah nu kapanggih di lapangan ngeunaan pangajaran nulis karangan éksposisi nya éta kurangnya minat siswa pikeun diajar, balukarna hasilna kurang nyugemakeun. Aya sababaraha faktor nu ngalantarankeunana, nya éta di antarana pangajaran karangan éksposisi dianggap hésé, boh dina néangan ide boh milih kekecapanana. Salian ti éta, cara nepikeun matéri kurang ngirut minat siswa pikeun diajar nulis karangan éksposisi, jeung modél sarta média nu dipaké nalika prosés diajar kaitung kurang variatif.

Prosés diajar ngajar mangrupa prosés interaksi antara guru jeung siswa pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Komponén-komponén dina prosés diajar ngajar ngawengku: tujuan, guru, siswa, métode, matéri, média jeung évaluasi. Pikeun ngahontal tujuan pendidikan diperlukeun *inovasi* dina komponén pangajaran boh métode, média, kurikulum, guru, sarana boh prasarana. Komponén-komponén éta kudu silih ngarojong antara nu hiji jeung nu séjéna.

Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan masalah di luhur nya éta nyieun atawa ngagunakeun média pangajaran hususna pikeun diajar nulis karangan éksposisi. Ngagunakeun média dina prosés pangajaran miboga fungsi saperti ngirut minat siswa, pangajaran leuwih komunikatif jeung

produktif, ngaleungitkeun rasa bosen waktu diajar sarta ngaronjatkeun kaaktifan siswa dina kagiatan pangajaran.

Média pangajaran kaitung loba, saperti salasihijina nya éta nu ngagunakeun média gambar jeung média *kartu kata*. Numutkeun Sudjana (2010:70) yén gambar dina enas-enasna méré dorongan keur siswa jeung bisa ngahudang minat kana pangajaran. Mantuan siswa pikeun mekarkeun kamampuh ngagunakeun basa, kagiatan seni, ngadongéng, dramatisasi, bacaan, nyieun tulisan, ngagambar, sarta mantuan pikeun napsirkeun jeung nginget-ninget matéri pangajaran tina buku téks.

Média gambar dina pangajaran miboga kaonjongan saperti murid leuwih kritis dina nganalisa gambar, murid mikanyaho aplikasi tina matéri nu mangrupa conto gambar, sarta murid miboga kasempetan pikeun ngedalkeun pamadeganana. Ieu média tangtuna bakal ngalatih siswa dina ngamekarkeun kecap-kecap nu geus kabayang tina média gambar éta pikeun ngawangun hiji karangan, hususna dina nulis karangan éksposisi. Sacara gurat badag yén ku ayana média gambar mangrupa salasihiji téhnik pangajaran nu tujuanna pikeun ngagampilkeun meunangkeun ide nu diébréhkeun ngaliwatan kekecapan nu bisa ngawakilan eusi tulisan. Ieu kagiatan pangajaran bisa dilakukeun sacara individu atawa kelompok.

Hasil panalungtikan séjén ngeunaan éféktivitas média gambar salasihijina pernah dilakukeun ku Ainun Firdausi nu judulna “*Éféktifitas Média Gambar dina Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Dongéng SMP Yapida Taun Ajaran 2007/2008*”. Dina éta panalungtikan dipedar ngeunaan kumaha éféktifitas média gambar kana kamampuh siswa dina maca dongéng sangkan bisa ngahudang sumanget sabab minat siswa kana maca masih kurang. Salian ti éta aya ogé panalungtikan ngeunaan média gambar nu dilakukeun ku Pitri Mulyati nu judulna “*Kamampuh Nulis Éséy Ngagunakeun Média Gambar Siswa Kelas VIII SMPN 3 Lembang Taun Ajaran 2007/2008*” kitu deui panalungtikan nu dilakukeun ku Atin Supriatin nu judulna “*Pangajaran Nulis jeung Maca Aksara Sunda Ngagunakeun Média Gambar Hurup Kaganga, Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X SMA Pasundan I Bandung Taun Ajaran*”.

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

2008/2009)”. Dina dua judul panalungtikan ngeunaan média gambar éta dilakukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa hususna dina kaparigelan nulis sabab masih kurangna minat siswa kana nulis. Panalungtikan-panalungtikan séjén nu geus dilaksanakeun ngeunaan média gambar katitén masih kurang nyugemakeun.

Salian ti média gambar ieu panalungtikan ngagunakeun média *kartu kata* pikeun ngabandingkeun kaéféktifan média dina ngaronjatkeun kamampuh siswa nulis karangan éksposisi. *Kartu kata* nya éta média basajan dina wangun kartu anu eusina mangrupa kekecapan (kata) pikeun dimekarkeun sangkan jadi karangan éksposisi.

Béda jeung panalungtikan saméméhna ngeunaan média gambar, panalungtikan ngeunaan *kartu kata* kakara dilarapkeun dina mata pelajaran Bahasa Indonesia wungkul sarta can kungsi dilaksanakeun panalungtikan husus ngeunaan éféktivitas média *kartu kata* dina pangajaran basa Sunda.

Dumasar kana éta hal, bisa dihartikeun yén pentingna média pangajaran kana ngaronjatkeun diajar nulis karangan éksposisi dumasar kana kamampuh siswa nu variatif. Kualitas diajar siswa dipiharep bisa ngaronjat kalawan ngagunakeun média pangajaran.

Cindekna, milih média pangajaran penting pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis, utamana dina nulis karangan éksposisi. Salasahiji média pangajaran nu bisa ngahudang rasa sumanget jeung daya kréatif pikeun siswa dina nulis karangan éksposisi nya éta ngagunakeun média gambar jeung *kartu kata*. Luyu jeung pamadegan sarta masalah-masalah nu geus dijéntrékeun di luhur, panalungtikan dina wangun skripsi anu judulna, “Éféktivitas Média Gambar jeung *Kartu Kata* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening Garut Taun Ajaran 2012/2013” perlu dilakukeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Rupa-rupa karangan nya éta aya karangan éksposisi, narasi, persuasi, arguméntasi, jeung déskripsi. Nilik kana kasang tukang, aya sawatara masalah anu kapanggih jeung perlu diwatesanan. Masalah-masalah diwatesanan ngan ngawengku hal-hal nu aya patalina jeung nulis karangan éksposisi.

Dina nulis hususna nulis karangan aya sawatara hal anu kudu dipaluruh ku siswa nya éta:

- 1) éjahan nu digunakeun, ngawengku nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, ngalarapkeun tanda baca,
- 2) eusi karangan, ngawengku cara mekarkeun eusi karangan, kasaluyuan idé, gagasan jeung prosédur léngkah-léngkah, atawa prosés sacara sistematis, jeung kualitas eusi karangan,
- 3) paragraf ngawengku cara mekarkeun paragraf, patalina antarparagraf jeung bagian-bagian eusi sarta susunan paragraf, jeung
- 4) *kerapihan tulisan*, kerapihan jeung kajelasan tulisan bakal ngagampankeun nu maca sangkan leuwih gancang nyangkem atawa maham eusi tulisan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan di luhur, ieu masalah panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun média gambar siswa kelas VII SMP 1 Sukawening Garut?
- 2) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun *kartu kata* siswa kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening Garut?
- 3) Naha aya bédana antara kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun média gambar jeung média *kartu kata*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngadéskrupsikeun:

- 1) kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun média gambar;
- 2) kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun média *kartu kata*;
- 3) bédana anu signifikan kamampuh nulis karangan éksposisi antara ngagunakeun média gambar jeung média *kartu kata*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh, jeung tiori-tiori pikeun sistem pendidikan dina hal milih média pangajaran nulis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan nya éta méré kontribusi nu positif pikeun:

- 1) pikeun nu nalungtik, ngajembaran paélmu anu keur ditalungtik. Nu nalungtik baris ngalaksanakeun uji coba torojogan langsung ka sakola, nepi ka bisa nambahan pangaweruh jeung pangalaman.
- 2) pikeun siswa, bisa resep kana nulis karangan éksposisi. Bisa paham ngeunaan karangan éksposisi.
- 3) pikeun guru basa Sunda, ngandung mangpaat bisa dijadikeun tatapakan pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa, hususna dina nulis.
- 4) pikeun sakola, ayana panalungtikan ieu dipiharep bisa aya kontribusi anu nyata di SMP Negeri 1 Sukawening Garut kana ngaronjatkeun kamampuh siswa, nepi ka bisa nimbulkeun kapercayaan masarakat kana éksisténsi éta lembaga pendidikan, sabab geus ngaping siswana kalayan bener, boh binaan méntal, fisik, jeung inteléktual.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu laporan panalungtikan téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bab munggaran dina ieu panalungtikan. Dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan diayakeun panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Bab II mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan tiori-tiori anu aya dina panalungtikan. Dina ieu bab dipedar leuwih jero ngeunaan nulis karangan éksposisi jeung média pangajaran, nya éta média gambar jeung *kartu kata*. Salian ti éta, dina ieu bab aya nu disebut asumsi atawa anggapan dasar jeung hipotésis anu miboga tujuan pikeun méré anggapan awal kana hasil panalungtikan.

Bab III mangrupa bab anu eusina medar ngeunaan métode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Eusina ngawengku léngkah-léngkah panalungtikan, prak-prakan dina panalungtikan jeung cara ngolah data tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun. Salian ti éta, bab III jadi dadasar pikeun nyusun bab IV lantaran aya patalina antara bab III jeung bab IV.

Bab IV mangrupa bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan anu dilakukeun. Eusina mangrupa hasil sagemblengna tina panalungtikan anu dilakukeun, ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh perlakuan jeung kamampuh ahir siswa dina nulis karangan éksposisi.

Bab V mangrupa kacindekan tina sakabéh pedaran hasil panalungtikan. Sarta aya saran atawa rékoméndasi anu ditepikeun patali jeung hasil panalungtikan.